

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Geometry*

### Chapit 8 Similarite

Nan Chapit 8, ou te senplifye rapò, rezoud pwopòsyon, epi ou te itilize pwopriyete pwopòsyon pou rezoud pwoblèm lavi reyèl. Answit ou te travay ak poligòn sanblab ak triyang sanblab. Ou te aprann kouman pou demontre de (2) triyang sanblab. Lèfini, ou te itilize triyang sanblab pou rezoud pwoblèm dimansyon endirèk. Ou te etidye teyorèm pwopòsyonalite. Anfen, ou te idantifye dilatasyon.

*Ale nan Chapit Revizyon leson pa leson an ki kòmanse nan p. 516 nan liv la.*

#### Leson 8.1 Rapò ak Pwopòsyon

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *rapò, pwopòsyon, ekstrèm, ak mwayen.*

Premye objektif Leson 8.1 se pou jwenn ak senplifye rapò de (2) nimewo. Egzanp lan montre kouman pou jwenn valè varyab la pou rezoud yon pwopòsyon. Pwopòsyon an se  $\frac{x}{12} = \frac{x+6}{30}$ . Itilize pwopriyete pwodwi kwaze a pou jwenn  $30x = 12(x+6)$ . Answit itilize pwopriyete distribitif la pou jwenn  $30x = 12x + 72$ . Fè soustraksyon  $12x$  sou chak bò epi divize chak bò pa 18 pou jwenn  $x = 4$ .

Sonje byen nimeratè ak denominatè yon pwopòsyon fèt pou mezire nan menm inite yo.

Dezyèm objektif Leson 8.1 se pou itilize pwopòsyon pou rezoud pwoblèm lavi reyèl, pa egzanp pou kalkile longè yon tablo.

*Koulye a eseye, Egzèsis 1 a 4. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 457 a 460 yo.*

#### Leson 8.2 Kouman pou Rezoud Pwoblèm ak Pwopòsyon nan Jewometri

Tèm ki enpòtan pou konnen an: *mwayen jewometrik.*

Premye objektif Leson 8.2 se pou itilize pwopriyete pwopòsyon pou fè konnen si yon deklarasyon se laverite.

Dezyèm objektif Leson 8.2 se pou itilize pwopòsyon pou rezoud pwoblèm lavi reyèl. Ou ka itilize pwopòsyon  $\frac{47}{6} = \frac{3,760,000}{x}$  pou jwenn popilasyon Wyoming. Itilize pwodwi kwaze yo pou jwenn  $47x = 22,560,000$ . Divize toude kote yo pa 47 pou jwenn popilasyon Wyoming nan te anviwon 480,000.

Lè w ap etabli pwopòsyon ak inite diferan, nimeratè yo dwe gen menm inite epi denominatè yo dwe gen menm inite.

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Geometry*

*Koulye a eseye, Egzèsis 5 ak 6. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 465 a 467yo.*

### **Leson 8.3 Poligòn Sanblab**

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *poligòn sanblab ak faktè echèl.*

Premye objektif Leson 8.3 se pou idantifye poligòn sanblab, poligòn ki gen ang kongriyan ak poligòn ki gen longè kote korespondan yo ki pwopòsyonèl. Si w gen pwoblèm pou detèminen kote korespondan figi sanblab yo, eseye trase youn nan figi yo epi eseye wote desen an pou ka rann figi a pi fasil pou konpare.

Nan Egzanp lan, de (2) paralelogram sanblab paske ang korespondan yo kongriyan epi kote korespondan yo pwopòsyonèl. Ou konnen kote yo pwopòsyonèl paske rapò chak kote korespondan yo se menm:  $\frac{3}{4}$ . Rapò sa a yo rele li faktè echèl tou.

*Koulye a eseye, Egzèsis 7 a 9. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 473 a 475 yo.*

### **Leson 8.4 Triyang Sanblab**

Premye objektif Leson 8.4 se pou idantifye triyang sanblab. Egzanp lan montre de (2) triyang ki pa kongriyan, chak ak yon ang  $55^\circ$  epi yon ang  $90^\circ$ . Daprè postila Similarite Ang-Ang lan, triyang yo sanblab.

Sonje byen lè w itilize Postila Similarite AA a, ou pa bezwen montre rapò longè kote korespondan yo ega.

*Koulye a eseye, Egzèsis 10 a 12. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 480 a 482 yo.*

### **Leson 8.5 Kouman pou Pwouve Triyang Sanblab**

Premye objektif Leson 8.5 se pou itilize teyorèm similarite pou demontre de triyang sanblab. Ou ka itilize Teyorèm Similarite Kot-Kote-Kote [*Side-Side-Side*] (SSS) ak Teyorèm Similarite Kote-Ang-Kote [*Side-Angle-Side*] (SAS) pou demontre triyang sanblab. Nan Egzanp lan, twa kote  $\triangle JKL$  pwopòsyonè a twa kote  $\triangle MNP$ , kifè triyang yo sanblab.

Sonje byen ou ka trase triyang yo sou fèy papyè apa epi wote yo pou oryantasyon yo ka menm.

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Geometry*

***Koulye a eseye, Egzèsis 13 a 14. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 488 a 491 yo.***

### **Leson 8.6 Pwopòsyon ak Triyang Sanblab**

Premye objektif Leson 8.6 se pou itilize teyorèm pwopòsyonalite pou kalkile longè segman. Gade  $\triangle JKL$  nan Egzanp yo. Ou ka wè  $\frac{JN}{NK} = \frac{12}{20} = \frac{3}{5}$  epi  $\frac{JM}{ML} = \frac{15}{25} = \frac{3}{5}$ . Piske  $NM$  divize de (2) kote triyan lan pwopòsyonèlman,  $NM$  paralèl a twazyèm kote a,  $KL$ .

***Koulye a eseye, Egzèsis 15 a 17. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 498 a 501 yo.***

### **Leson 8.7 Dilatasyon**

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *dilatasyon, rediksyon, ak agrandisman.*

Premye objektif Leson 8.7 se pou idantifye dilatasyon. Si  $0 < k < 1$ , kote  $k$  se faktè echèl la, dilatasyon an se yon rediksyon. Si  $k > 1$ , se yon agrandisman. Nan Egzanp lan, triyang ble a retrace nan triyang wouj la gras a dilatasyon ak sant lan  $C$ . Faktè echèl la se  $1/5$ , ki ant 0 ak 1, kifè, dilatasyon an se yon rediksyon. Sonje byen, nan yon rediksyon, imaj la pi piti pase imaj anvan an.

Dezyèm objektif Leson 8.7 se pou itilize dilatasyon pou rezoud pwoblèm, pa egzanp pou kreye desen yon pèspektif lavi reyèl

***Koulye a eseye, Egzèsis 18. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 506 a 508 yo.***